


Operasyon Rezoud Kesyon nan Kontay Resansman 2020 an



Operasyon Rezoud Kesyon nan Kontay Resansman 2020 an (CQR, selon sig anglè a) bay gouvènman tribi, eta (state), kou lokal yo òpòtinite pou yo mande yon egzaminasyon chif ki soti nan konte Resansman 2020 an yo. Operasyon sa a egzamine dekalaj ki genyen nan fwontye legal ak erè ki ta ka fèt nan tretman kontay lojman ak popilasyon yo konte yo.

Gouvènman ki vle poze kesyon sou kontay pa yo kapab itilize pwosesis la pou yo mande yon egzaminasyon nan sitiyasyon n ap site la yo:

- **Ka ki gen pou wè ak fwontye.** Nou ka egzamine fwontye legal inite gouvènman yo ki aplike depi nan dat 1ye Janvyè 2020 an yo, ansanm ak adrès ki asosye epi ki afekte nan kad fwontye sa yo.
- **Ka ki gen pou wè ak konte lojman.** Nou ka egzamine pozisyon jewografik oswa plasman lojman ak popilasyon ki asosye ak yo. Nou ka egzamine rezilta resansman an yo tou pou n detèmine si erè(yo) nan tretman resansman an te ekskli lojman valid ak done popilasyon ki asosye ak yo.

Eske CQR ka chanje done redekoupaj distri yo, rezilta repatisyon yo, oubyen lòt pwodwi done Resansman 2020 an?

- CQR pa chanje done ofisyèl Resansman 2020 an.

- Si gen chanjman ki nesesè akòz erè nou ta jwenn, nou ap pibliye yon avi ki korije erè yo. Avi sa a ap gen ladan l dènye vèsyon kontay lojman ak popilasyon yo konte pou chak blòk resansman ki resevwa koreksyon.
- Nou ap korije total resansman nou itilize pou n drese estimasyon popilasyon chak ane yo tou.

Ki enfòmasyon ki pa kapab chanje atravè yon demand CQR?

- Nan CQR pa gen chanjman nan done ki baze sou anominite diferansyèl Biwo Resansman Etazini a itilize pou li kache enfòmasyon ki ka idantifye moun pèsònèlman yo.
- CQR pa afekte ni chanje popilasyon total okenn eta (state) nan kontay repatisyon li ni kantite syèj yon eta (state) okipe nan Chanm Reprezantan Etazini.

Kiyès ki ka soumèt yon demand egzaminasyon atravè pwogram sa a?

- Se sèl pi gwo fonksyonè eli oswa nome (oubyen reprezantan pa yo) nan tribi Endyen Ameriken leta federal rekonèt yo, nan eta (state) yo, nan konte yo, nan lokalite ki enkòpore yo, nan depatman dwa sivik timoun ki an fonksyon aktif yo, minisipalite ki nan Pòtoriko yo, Sosyete Rejyonal Natif Natal Alaska yo, ak zòn estatistik Natif Natal Alaska yo ki ka soumèt demand CQR.

Eske Biwo Resansman an ap pibliye yon lis demand CQR ki depoze konsènan Resansman 2020 an?

- Nou ap pibliye dènye vèsyon lis sou <www.census.gov> pou demand ki nan kad chak lè nou fin travay sou ka yo, jeneralman nan espas 90 jou aprè nou resevwa rekèt yo. Nan konfòmite ak lwa Tit 13 la, nou pa p kapab devwale deseri detay presi sou demand yo.
- Nou ap bay repons ak tout demand CQR nou resevwa, menm si demand lan pa antre nan kad la.

Ki orè operasyon CQR la?

- An Desanm 2021, Biwo Resansman an ap voye avi bay tout 40.000 gouvènman tribal, eta (state), tankou lokal nan peyi Etazini konsènan operasyon CQR la epi ba yo plis enfòmasyon sou fason yo ka patisipe.
- Nou ap kòmanse aksepte ka CQR apati dat 3 Janvyè 2022. Dat limit pou soumèt yon ka se 30 Jen 2023.
- Nou ap bay rezilta yo nan chak peryòd lè yo pare jouk pou rive nan dat 30 Septanm 2023. Rezilta yo pral jwenn pi gwo fonksyonè eli oswa nome nan tout gouvènman ki afekte yo epi tou nou ap poste yo kòm koreksyon erè sou census.gov.

Dosye Laprès CQR

<www.census.gov/newsroom/press-kits/2021/2020-census-count-question-resolution.html>